

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.I Kasang Tukang Masalah**

Tujuan pangajaran basa di SMP sangkan murid ngawasa opat kaparigelan basa, nya éta kaparigelan ngarepegkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, jeung kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa nu geus kasebut. Nurutkeun Heaton dina Rahman (2004:1) *The writing skills are complex and sometimes difficult to teach, requiring mastery not only of grammatical and rhetorical device but also of conceptual and judgemental elements.*"

Pamadegan Heaton di luhur ngandung harti yén kaparigeulan nulis sifatna kompléks. Komplék dina hal ieu sabab nu nyieun karangan boh siswa, boh panulis séjéna kudu merhatikeun éjahan, gaya panulisan, struktur kalimat, jeung aturan-aturan ngarang. Héséna kamampuh nulis karangan mindeng dijadikeun hiji masalah pikeun motivasi siswa dina nyieun karangan. Ku kituna, dina pangajaran nulis diperlukeun rangsangan nu mampuh ngaronjatkeun motivasi para siswa.

Tarigan nétélakeun, yén kaparigelan nulis bisa dipimilik jeung dicangkem ku jalan prakték jeung latihan (Tarigan, 1983:1). Ngaliwatan prosés kréatif kamampuh nulis bisa dimekarkeun di diri siswa. Daya kreatif hiji siswa diperedih pikeun ngawanikeun dirina dina ngaéksprésikeun gagasan nu aya dipikiranana.

Nurutkeun Sujanto (1988:56) kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu jadi tujuan ahir unggal pangajaran di sakola.

Pangajaran nulis di SMP mangrupa salah sahiji widang studi anu kurang dipikaresep ku siswa, faktor anu ngalantarankeun héséna dina nulis atawa nyieun karangan nya éta dina néangan idé jeung kecap-kecap anu variatif dina ngarang, lian ti néanagn ide jeung kecap-kecap, dina nulis hiji karangan kudu digunakeun éjahan jeung tata basa, anu balukarna muncul anggapan yén nulis téh mangrupa pangajaran nu hésé utamana di SMP anu pangalaman diajar nulis na kawilang masih kurang atawa bisa disebutkeun can hadé.

Dina prakna nulis/ngarang, siswa masih merlukeun tahap-tahap nu tangtu pikeun ngahasilkeun tulisan nu hadé, katambah barudakna ngaredul jeung hésé diarahkeunana, balukarna kaparigelan nulis ku siswa sok disebut pangajaran nu hésé.

Pikeun ngaleungitkeun rasa hésé jeung ngedul nu kaalaman ku siswa, pangajaran nulis kudu disuguhkeun sacara variatif, salah sahijina nya éta ngagunakeun alat bantu atawa sarana, nu disebut média téa.

Milih média penting pisan pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis, utamana dina nulis karangan déskripsi. Salah sahiji média anu bisa ngahudangkeun sumanget jeung daya kréatif pikeun siswa dina nulis karangan nya

éta média gambar. Luyu jeung pamadegan Sujana dina Arsyad (2002:126) anu ngébréhkeun “ilustrasi gambar mangrupa parangkat pangajaran nu bisa narik minat siswa sacara aktif.”

Canvais dina skripsi (2000:2) nyebutkeun “*bahwa ketertarikan anak muda pada cerita bergambar sangat menakjubkan. Gambar-gambar dan kata-kata, pada umumnya bersuai dengan naluri mereka, dan dapat dipahami secara langsung.*”

Luyu jeung pamadegan-pamadegan sarta masalah-masalah anu geus dijéntrékeun di luhur, panulis ngayakeun panalungtikan anu judulna, “Kamampuh Nulis Karangan Deskripsi Ngagunakeun Média gambar di Kelas VIII SMPN I Parongpong.”

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah panalungtikan baris medar média gambar dina pangajaran basa Sunda nulis karangan déskripsi di SMP kelas VIII SMPN I Parongpong. Aspék-aspék anu dititénan dina karangan siswa téh nya éta kualitas karanganana. Sedengkeun unsur nu aya patalina jeung kualitas karangan nya éta kamampuh ngagunakeun téhnik karangan.

Masalah nu ditalungtik diwatesanan di antarana ngawengku: 1) kualitas jeung lingkup eusi, 2) organisasi jeung tampilan eusi, 3) gaya basa, 4) wongun gramatikal, 5) ejahan, jeung 6) karapihan tulisan. Masalah nu baris ditalungtik nyoko kana pamadegan Rahman (tt:44-45) ngeunaan padoman meunteun karangan.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Idéntifikasi masalah penting pisan sabab hasilna bisa jadi panungtun pikeun léngkah-léngkah panalungtikan nu saterusna. Rumusan masalah ditepikeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

1. Kumaha kamampuh siswa SMPN I Parongpong kelas VIII nulis karangan déskripsi antara pratés jeung pascatés ngagunakeun média gambar?
2. Sabaraha bédana tingkat kamampuh nulis karangan déskripsi siswa SMPN I Parongpong kelas VIII pratés jeung pascatés digunakeuna média gambar?

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus diébréhkeun, tujuan panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. kamampuh siswa SMPN I Parongpong kelas VIII nulis karangan déskripsi saacan jeung sanggeus ngagunakeun média gambar.
2. sabaraha bédana tingkat kamampuh nulis karangan déskripsi siswa SMPN I Parongpong kelas VIII saacan jeung sanggeus digunakeuna média gambar.

#### **1.4. Mangfaat Panalungtikan**

Mangfaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana saperti anu disebutkeun di handap ieu.

##### **1. Mangfaat pikeun guru**

Hususna guru bahasa Sunda dipharep bisa nambahann pangaweruh dina milih media pangarajaran hususna media gambar dina pangajaran nulis karangan deskripsi, sarta mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis deskripsi sabada dugunakeuna media gambar.

##### **2. Mangfaat pikeun murid**

Murid bisa mikanyaho mangfaat media gambar dina kagiatan nulis deskripsi sahingga minat jeung rasa sumanget maranéhna bisa leuwih ditingkatkeun kamampuana nu utamana dina kaparigelan nulis karangan déskripsi.

##### **3. Mangfaat pikeun panalungtik**

Ku dilakukeunana panalungtikan ieu, bisa dikanyaho babandingan kamampuh murid dina kagiatan ngarang déskripsi saméméh jeung sanggeus digunakeunana media gambar

##### **4. Mangfaat pikeun nu maca**

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngabeungharan wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan pamangfaatan media gambar dina pangajaran nulis karangan déskripsi.

### **1.5. Anggapan Dasar**

Anggapan dasar panalungtikan ditulis di handap ieu.

1. Kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa nu diajarkeun di sakola.
2. Gambar mangrupa salah sahiji media pendidikan nu bisa digunakeun dina pangajaran nulis.
3. Kamampuh nulis siswa bisa dipimilik ngaliwatan latihan jeung bimbingan.

### **1.6. Wangenan Operasional**

Dina panalungtikan ieu ditulis sababaraha définition istilah sacara operasional.

1. Nulis, anu dimaksud dina panalungtikan ieu nya éta kagiatan ngarang déskripsi ngagunakeun media gambar di kelas VIII SMPN I Parongpong.
2. Kamampuh, dina panalungtika ieu nya éta kamampuh siswa kelas VIII SMPN I Parongpong dina nulis karangan déskripsi ngagunakeun media gambar.
3. Karangan déskripsi, dina panalungtikan ieu nya éta hasil kagiatan ngarang siswa kelas VIII SMPN I Parongpong anu ngagunakeun média gambar salaku média dina kagiatan ngarang.
4. Media gambar, nya éta alat atawa sarana anu bisa digunakeun salaku conto dina ngungkarakeun hiji kaayaan atawa objék dina pangajaran nulis. Patalina jeung panalungtikan di dieu, media gambar digunakeun dina pangajaran nulis déskripsi sangkan bisa ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis.

5. Siswa, dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII SMPN I Parongpong anu dijadikeun objek. Sarana pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh anu dipimilik ku manéhna, hususna dina nulis déskripsi.

Dumasar kana pédarán operasional di luhur, anu dimaksud kamampuh nulis karangan déskripsi dina ieu panalungtikan téh nya éta kamampuh pikeun ngajéntrékeun atawa medar hiji obyék atawa kajadian sacara tinulis ditilik tina aspek basana, eusina, sarta téhnik nulisna pikeun ngajembaran pangaweruh nu maca.

### **1.7. Hipotésis**

Hipotésis panalungtikan anu diajukeun nya éta:

- $H_0$  : Média gambar teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa SMPN I Parongpong kelas VIII
- $H_a$  : Média gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan déskripsi siswa SMPN I Parongpong kelasVIII

